



Nòt Pou Pran Plis Aksyon

Non konfirmasyon Pwovizwa (TNC)

(Department Sekirite Nasyonal Ameriken (DHS))

Siyati, Prenon Anplwaye a	Nimewo Sekirite Sosyal Anplwaye a
Nimewo A- Anplwaye a	Nimewo Dokiman Anplwaye a
Dat DHS te Non konfirmasyon Pwovizwa	Nimewo Verifikasyon Ka

Patwon ou, [NON PATWON AN], patisipe nan E-Verify. E-Verify konpare enfòmasyon ou bay nan Fòm I-9 ou la (Verifikasyon Kalifikasyon pou Travay) avèk dosye yo nan Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) epi ak nan Depatman Sekirite Nasyonal (DHS) pou konfime ou gen otorize pou travay nan peyi Etazini.

Poukisa ou te resevwa nòt sa a:

Ou te resevwa Nòt pou Pran Aksyon sa a nan men [NON PATWON AN] paske li sanble kèk nan enfòmasyon patwon ou te antre nan E-Verify la pa matche ak dosye DHS genyen kounye a pou ou. Sa a pa nesesèman vle di ou te bay patwon ou enfòmasyon ki pa kòrèk, oswa ou pa otorize pou travay nan Etazini. Gen plizyè rezon ki ka fè enfòmasyon ou yo pa ka matche - ou ka li plis sou rezon sa yo sou entènèt (<https://www.uscis.gov/e-verify/employees/tentative-nonconfirmation-overview>).

Apre sa, w ap bezwen pran kèk aksyon anvan E-Verify ka kite patwon ou konnen ou gen otorizasyon pou travay nan peyi Etazini.

Ki sa ou bezwen fè:

- Revize enfòmasyon ou yo nan tèt paj sa a.** Fè [NON PATWON AN] konnen si gen nenpòt erè. Patwon ou an pral kapab fèmen dosye sa a epi mete enfòmasyon ou nan E-Verify ankò ak enfòmasyon ki kòrèk la, petèt rezoud ka sa a. Si enfòmasyon ou kòrèk, ale nan etap 2 a.
- Deside si ou vle pran aksyon pou rezoud ka sa a.** Si enfòmasyon ou yo anwo a kòrèk, lè sa a ou ka chwazi pou pran aksyon pou korije dosye ou pou dosye DHS yo montre ou gen otorizasyon pou travay nan peyi Etazini.

Si ou deside pa pran aksyon pou rezoud ka sa a, E-Verify pap kapab konfime si ou gen otorizasyon pou travay nan peyi Etazini epi patwon ou ka revoke ou.

Pou enfòmasyon sou dwa ak responsabilite anplwaye, ale sou www.uscis.gov/e-verify/employees/employee-rights-and-responsibilities.



Pran aksyon pou rezoud yon ka:

Ou gen **8 jou kalandriye travay Gouvènman Federal** pou kontakte DHS apati dat patwon ou an voye ka w la nan E-Verify. Patwon ou dwe ba ou yon Referans Dat Konfirmasyon, ki pral fè w konnen nan ki dat ou dwe kontakte DHS.

Kontakte DHS:

Pou pran aksyon pou rezoud ka sa a, rele DHS nan 888-897-7781 (TTY: 800-877-8339). Yon reprezantan pral ede ak detay yo nan ka w la.

Kite Nòt pou Pran Aksyon sa a louvri lè ou rele DHS, pou ou ka bay li kòm referan. Reprezentan DHS la ka mande w enfòmasyon oswa dokiman anplis pou rezoud ka w la. Si w bezwen èd nan yon lòt lang, asire w ou mande pou yon entèprèt.

Pou tcheke nan ki pwen dosye w la ye, ale nan myE-Verify nan

<https://selfcheck.uscis.gov/SelfCheckUI/CaseTracker>

Tanpri endike anba a si wi ou non ou gen entansyon diskite ka sa a.

Mwen chwazi pou: (tcheke youn)

--	--	--	--